Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

Гумбет районалъул газета

№ 52 (6572) 30 октябрь 2017 с. Итни Сафар 1439 с. Багьа 5 гъур.



БАРКИ

## 4 ноябрь - Халкъалъул цолъиялъул къо

ХIурматиял районцоял! РакI- ракIалъ баркула тIаде щолеб бугеб ТIолгороссиялъул байрам – Халкъалъул цолъиялъул къо. Гьеб байрамалъ ракIалде щвезабула бищунго захIматаб заманалда нилъер гIемермиллатазулаб халкъалъул цолъиялъ бокьарал захIмалъаби къезаризе, гьелъул эркенлъи ва чияда бачIолъи цIунизе нухал рагьараблъи. Октябралъул революциялъеги, гьелда хадусеб тарихалъеги кинаб къимат кьолеб бугониги, Россия букIана кIудияб пачалихълъун, гьединаблъун хутIизеги хутIана. ГIемермиллатазулаб Россиялъул халкъалъ кидаго цIунана гIагараб ВатIаналде рокьи. Гьеб байрамалъул мурад буго улкаялъул экономикияб гуч цIикIкIинабиялъе Россиялъул жамгIияб цолъи букIинаби.

Божилъи загьир гьабула, Россиялъул халкъазгун цадахъ, нилъер Гумбет районалъул гIадамазги ВатIан цебетIезабиялъе гIоло жигараб къеркьей хадубккунги гьабизе букIиналда.

Гьарула киназего щулияб сахлъи, халатаб гIумру, хIалтIулъ, цIалулъ бергьенлъаби, ракълилаб, роцIцIараб зоб.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов**

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

# Аргъвани – кIиабилеб АхIулгохI

### Шималияб Кавказго гIахьаллъараб ракIалде щвеялъул къо

### Шамил имамас 220 сон тIубай кIодо гьабун, Бакълъулазул районалда мажлис гьабуна, чуял риччана, спорталъул миллиял тайпабазул къецал тIоритIана

**21 октябралда Имаматалъул хъалалъун букIараб Аргъвани росдал ГьацIакъали байданалда тIоритIана имам Шамил гьавуралдаса 220 сон тIубаялда хурхун тарихиялгун маданиял, патриотиял ва спортивиялгун халкъиял тадбирал.**

Кавказалъул имамас 220 сон тIубай кIодо гьабиялда гIахьаллъана Дагъистаналъул районаздаса ва шагьараздаса, Северияб Кавказалдаса гьалбал. Гьеб тадбиралде рачIарал гьалбадерие баркиялъулаб салам кьуна «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер **ХIажимурад МухIамадовас,** Дагъистан Республикаялъул диниял гIуцIарухъабазулгун цадахъ рекъон хIалтIи гьабиялъул, яхI-намусалъул эркенлъиялъул рахъалъ Комитеталъул председатель **МухIамад ГIабдурахIмановас,** Дагъистаналъул муфтиясул заместитель **МухIамад-хIажи Мангуевас** ва цогидазги.

Юбилей кIодо гьабиялъул программа байбихьана Къуръаналъул аятал цIалиялдасан. Художественнияб сценариялда рекъон, имам Шамил байрахъулалгун мажлисалде вачIана чуяздаги рекIун ва халкъалде хитIаб гьабун кIалъана.

Гумбет районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас жиндирго кIалъаялда ракIалде щвезаруна имам Шамилил тIадегIанлъи ва кIодолъи. «Гумбет районалъул хIурматиял гьалбал! Машгьурав пачалихъияв ва динияв хIаракатчи, Кавказалъул миллияв бахIарчи, кIудияв имам Шамил гьавуралдаса 220 сон тIубаялъул байрамалде рачIарал нужее салам кьола! Дагъистан Республикаялъул бетIерас 2017 соналъул 2 маялда хъвараб «Имам Шамил гьавуралдаса 220 сон тIубай кIодо гьабиялъул хIакъалъулъ» Указалъул пункталги гIумруялде рахъинарулаго, Гумбет районалда тIоритIана имам Шамилил хIурматалда акциял, кампаниял, батIибатIиял тадбирал. Жакъа нилъеца тIобитIулеб буго, имам Шамилил хIурматалда, хIурматиял гьалбалги гIахьалллъун, ВатIан бокьиялъул, спортивияб, маданиябгун халкъияб тадбир. Ниж рохарал руго гьалбал хирияб ракьалда нужее салам кьезе рес щвеялдаса.

**(Ахир-кIиабилеб гьум.)**



НОМЕРАЛДА РУГО:



Гвендазда данде рагъ, ток ва лъим чIезаби…
-2 гьум.



Шамил имамас 220 тIубаялде – Авар басмабазул цолъиялъул пресс-тур
- 3 гьум.



Индиреялде сапар
- 3 гьум.



Информациялъул гIасруялъул тIалабал
- 4 гьум .

# Аргъвани – кIиабилеб АхIулгохI

(Байбихьи-тIоцебесеб гьум.)

ЛъикI руссарал, бакъулаб ракьалде, Гумбет районалде рачIарал гьалбал!

Имам Шамилил цIаралъ загьир гьабула бахIарчилъи, рецц, гIакъиллъи, кIодолъи. ЗахIматаб заманалда имам Шамилил образалъ Кавказалъе ва тIолабго Россиялъе кумек гьабуна захIмалъаби къезаризе. КIудияб ВатIанияб рагъул




соназда фашистазул чияр ракъал рахъулезда данде багъана дагъистаниязул сурсатаздалъун гIуцIараб «Шамиль» танкабазул колонна.

Жакъаги нилъеца ракIалде щвезарулел руго имам Шамил ва гьесда цадахъ рагъарал. Гумбет районалъул Аргъвани росулъ букIана КIудияб Кавказалъул кIудиял рагъазул цояб. Гьанир чIвана гIемерал рагъухъаби, Алжан насиблъаги гьезие.

Жакъасеб Россия – гьеб ккола халкъазда гьоркьосеб терроризмалда данде кьеркьолеб улка, гIемермиллатазул халкъазул вакилзабаз ракълида гIумру гьабулеб улка. Тарихалъул дарсаз, имам Шамилил дарсаз нилъее жакъаги кумек гьабулеб буго, Россиялъул Федерациялда ругел гIадамазул маданияталъул ва гIадатазул хIурматги гьабулаго гIумру тIамизе. Цойги нухалъ салам кьола жакъасеб тадбиралда гIахьаллъарал гьалбадерие. Спорталъул гIахьалчагIазеги гьарула бергьенлъаби», - ян абуна ХIажимурад МухIамадовас.

Дагъистан Республикаялъул диниял гIуцIабазулгун цадахъ рекъон хIалтIи гьабиялъул, яхI-намусалъул эркенлъиялъул рахъалъ Комитеталъул председатель МухIамад ГIабдурахIмановас бихьизабуна Аргъвани росулъ букIараб рагъалда халкъалъ кIиабилеб АхIулгохIилан цIар лъун букIин, имам Шамилицаги гьеб хъала АхIулгохIде кIулал ругин абулаанин.

Дагъистаналъул муфтиясул заместитель МухIамад-хIажи Мангуевас саламалъулал рагIаби абуна ва лъикIабщинаб гьарана ДРялъул муфти ва шайих АхIмад-хIажи ГIабдулаевасул рахъалдасан.

Дагъистаналъул бетIерав терапевт **МухIамад ГIабдулаевас** республикаялъул сахлъи цIуниялъул министерствоялъул рахъалдасан баркиялъулаб кIалъай гьабуна гьеб тадбиралда. Байрамалъулаб тадбиралъул художественнияб бутIа махщалида бачана Россиялъул хъвадарухъабазул Союзалъул член **ГIиса Шарапудиновас** ва Дагъистаналъул лъайкьей цебетIезабиялъул институталъул ректорасул ишал тIуразарулев **ХIамзат Жамалудиновас.**

ВагIзаби гьаруна Гумбет районалъул имам **Юнус-хIажи Темирсултановас,** Унсоколо районалъул имам **ГьазимухIамад-хIажи Абакаровас,** Гъизилюрт районалъул имам **ГIали-хIажи МухIумаевас,** ЦIияб Аргъвани росдал имам **Камил-хIажи Якъубовас** ва цогидаз.

Гумбет районалъул бетIер, олимпиялъул чемпион ХIажимурад МухIамадовас шапакъатал кьуна улкаялъул ва дунялалъул чемпионатазда бергьенлъи босаразе ва призеразе: Европаялъул чемпион, сурдлимпиялъул хIаязда тхэквондоялъе гIарцул медаль босарав Шамил ИсхIакъовасе, Европаялъул чемпионаталъул эркенаб гугариялъул рахъалъ гIарцул призер ва дунялалъул чемпионаталъул мазгарул призер ХIажимурад ХIажиевасе, 2017 соналъ ММАялъул рахъалъ дунялалъул ва Россиялъул чемпионлъун вахъарав ГIабдулмутIалип Гьайирбеговасе, тIадегIанал цIалул заведениязда гьоркьор тIоритIарал торгIо хIаялъул къецазул чемпионал ХIусен МухIамадовас ва МухIамадхIабиб Имамирзаевасе. Районалъул бетIерас гьединго баркалаялъулал кагътал кьуна филологиялъул гIелмабазул доктор Шигьабудин ХIусеновасе, цIа ккедал хъизам хвасар гьабурав «Корпорация развития Дагестана» ОАОялъул нухмалъулесул заместитель ХIамид МухIамадовасе.

Къаде какалдаса хадур тIоритIана чуял риччай ва спорталъул миллиял тайпабазул къецал. 1600 метралъ бекерун бергьана Гумбет районалъул ИгIалиса Сайгид Исраповасул чу, кIиабилеб бакIалде Чачан Республикаялдаса Бекхан ГIисаевасул чу ва лъабабилеб бакIалде Казбек районалъул Буртунаялдаса Расул ГIалихановасул чу бачIана.

2400 метралъ рекераразда гьоркьоб тIоцебесеб бакI Игьалиса Бартихан Бартихановасул



чуялъ, кIибилеб бакI Гумбет районалъул администрациялъул цIаралдасан биччараб Элигрей абулеб чуялъ, лъабабилеб бакI Чачан Республикаялдаса Насрудин Юхигановасул Стрела чуялъ ккуна.

Лъабабилеб нухалъ 3600 метралъ рекеризе риччаразда гьоркьоб тIоцебесеб бакI Больихъ районалъул Гьагъалъа Салман Дибировасул, кIиабилеб бакI «Сельсовет "Аргванинский"» росдал поселениялъул администрациялъул, лъабабилеб бакI Чачан Республикаялдаса Рустам Дебзиевасул чуялъ



ккуна.

Чуял риччаялъул призовияб фонд букIана 220 азарго гъурущ. Ункъабилеб нухалда рекеризе риччана гIицIго эргъвендерил чуял. Кинабниги бекеризе биччана Дагъистаналъул районаздаса ва Чачан Республикаялдаса 36 чу.

Спорталъул миллиял тайпабазда гIахьаллъана Дагъистаналъул районаздаса 105 спортсмен. ЧIорбутIалъ речIчIиялъе лъабабилеб бакI М. ГIумарасхIабовасе (Килалъ), кIиабилеб бакI Ю. Абулмуслимовасе (Килалъ), тIоцебесеб бакI МухIамад Исрапиловасе (ЧIарада районалъул ЦIуриб росу) щвана.

Мугъалда юкгун рекерун кIанцIиялъе (имам Шамилил кIанцIи) лъабабилеб бакI МухIамадрасул АхIмадовас (МелъелтIа), кIиабилеб бакI ХIажи Якъубовас (Аргъвани), тIоцебесеб бакI Шамил ХIажиевас (Аргъвани) ккуна.

Лъабго батIияб къагIидаялъ гамачI реххиялъе лъабабилеб бакI МелъелтIаса Шамил Коргъолиевасе, кIиабилеб бакI Хунзахъ районалъул Гьамущи росулъа Руслан Маликовасе, тIоцебесеб бакI МелъелтIаса Алдан Гьайирбеговасе щвана.

Квар цIаялъе бергьана МелъелтIаса команда (лъабабилеб бакI), Аргъваниса команда (кIиабилеб бакI), ЦIияб Аргъваниса команда (тIоцебесеб бакI).

Бергьенлъи босаразе районалъул администрациялъ кьуна гIарцулал сайгъатал, медалал ва грамотаби.

Кавказалъул имам кIодо гьавураб гьеб тадбиралда гIахьаллъана кIиазаргогIан чи. «Сельсовет "Аргванинский"» росдал поселениялъул администрациялъул бетIер **АхIмадбег Ибрагьимовас** баркала кьуна имам Шамил гьавуралдаса 220 сон тIубаялъул хIурматалда тIобитIараб тадбиралда гIахьаллъарал гьалбадерие.

**ГIизудинил ХIамзат,**
**Къурмагъиз ХIадисова**

КЪИНДАЛИЛ НИЗАМ

# Гвендазда данде рагъ, ток ва лъим чIезаби...

## Гумбет районалъул администрациялъул коллегиялъул данделъи

**25 октябралда тIобитIана Гумбет районалъул администрациялъул коллегиялъул иргадулаб данделъи. Гьеб рагьана ва бачана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас.**

Данделъиялда гIахьаллъана росабазул поселениязул администрациязул бутIрул, учреждениязе ва гIуцIабазе нухмалъулел.

Гьоркьор лъун рукIана 2017-2018 соназул хасалоялде лъайкьеялъул, сахлъи цIуниялъул ва цогидалги учреждениял, СПКял, нухазул магIишат хIадурлъиялъул бугеб хIалалъул хIакъалъулъ, «Райадминистрациялъул опекунлъиялъул ва тIалаб-агъаз гьабиялъул рахъалъ отделалъ гьабураб хIалтIул хIисаб кьей» абурал суалал.

ТIоцебесеб суалалда хурхун доклад гьабуна районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель **ХIайбула ГIабдурахIмановас.**

ТIасан кIалъазе рахъана «Село Нижнее Инхо» росдал поселениялъул администрациялъул бетIер **МухIамад Ибрагьимов**, Гумбеталъул электросеталъул бетIерав инженер Камалудин ГIалиев, «Гумбетовское ДЭП № 10» ОАОялъул бетIерав инженер **ГIабас МухIамадов.**

Данделъиялда бицана хасалоялде хIадурлъи гьабиялъулъ цо-цо гIунгутIаби рукIиналъул. Масала, руго школалги сахлъи цIуниялъул учреждениялги тIорчIол, цIулал гIураб нахьрател гьечIел, имам Шамилил цIаралда бугеб, «Цундинский» СПКялда хIадурун гьечIо хIажалъулеб кIалцIул бащдабцин. Гьури бахъарабго трансформаторазул къуват гIоларого ток сунеб буго, сордо-къоялъцин ток гьоркьоб къотIана дагьал церегIан къоя МелъелтIа, ЦIиликь ва цогидалги росабалъ. Гвендахун руго Щабдухъе, Ингишоре ругел нухал, гьединго цогидал росабазда жанисел нухалги. Чан нухалъ биcаниги, хъваниги щиб, росабалъ нухлул рагIалазда, ракьанлъабазда бакIал раялъул материал, машинаби лъун, гьенисан хьвадулел гIадамазеги транспорталъеги квалквалал гьарулел руго. Республикаялъул ва бакIалъул кIваралъул нухаб чвахараб чабах, ракь, гамачI толеб буго бацIцIад гьабичIого. Хасалоялде нухде щвазе сали, цIам баччизе хIажат буго.



Районалъул администрациялъул опекаялъул ва тIалаб-агъаз гьабиялъул рахъалъ отделалъул бетIерай специалист **ПатIимат ГIумарахIаевалъ** гьабуна кIиабилеб суалалда тIасан доклад. Докладалда тIасан кIалъана районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель **АхIмад Сулайманов**, Россиялъул МВДялъул Гумбеталда бугеб отделалъул балугълъиялде рахинчIезда гьоркьоб хIалтIи гьабиялъул рахъалъ инспектор **МухIамад ХIусенов.**

Коллегиялъул данделъиялда гьоркьор лъурал суалазда хурхун къабул гьаруна дандрекъон кколел хIукмаби.

**Къурмагъиз ХIадисова**

ЛЪИМЕР ГЬИМИЧIОНИ, ЧIУНТУЛА ДУНЯЛ

# 28 бесдал лъимер

### Балугълъиялде рахинчIезда гьоркьоб гьабулеб хIалтIул рахъалъ комиссиялъул данделъи

**Балугълъиялде рахинчIел лъималазда гьоркьоб хIалтIи гьабиялъул ва гьезул ихтиярал цIуниялъул рахъалъ комиссиялъул данделъи тIобитIана Гумбет районалъул администрациялда, райадминистрациялъул бетIерасул заместитель АхIмад Сулаймановасул нухмалъиялда гьоркь.**



Данделъиялда гIахьаллъана комиссиялъул жавабияв секретарь **МухIамад Зубайров**, лъайкьеялъул отделалъул бетIерав специалист **Сурхай Сурхаев**, культураялъул, физическияб культураялъул, спорталъул, гIолилазул ишазул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулев **МухIамад ГIумардибиров**, гьесул заместитель **НурмухIамад МухIамадов**, районалъул администрациялъул опекунлъиялъул ва тIалаб-агъазалъул рахъалъ отделалъул бетIерай специалист **ПатIимат ГIумарахъаева**, Россиялъул МВДялъул Гумбет районалда бугеб отделалъул балугълъиялде рахинчIезда гьоркьоб хIалтIи гьабулев инспектор **МухIамад ХIусенов**.

Бесдал лъималазе ва эбел-инсул тIалаб-агъазалда гьечIел лъималазе тарбия, лъайкьей, гьел хьихьи, гьезие рукIа-рахъиналъул шартIал чIезари гIуцIиялъул бугеб хIалалъул бицана ПатIимат ГIумарахъаевалъ. Гьелъ абуна 28 бесдал лъимер ва эбел-инсул тIалабалда гьечIеб лъимер опекунлъиялда бугин ва щибаб моцIалъ 4697 гъурущ кьолин щивасе. 2015 – 2017 соназ 11 бесдал лъимералъе ва эбел-инсул тIалаб-агъазалда гьечIезе щун руго рукъзал, гьаб соналъул октябралдаги цоги уведомление бачIана лъимералъе гIумру гьабизе бакI щвеялъе.

Гьеб суалалда тIасан кIалъана комиссиялъул цогидал членалги. Гьеб тадбиралъул хIасилал гьарурав АхIмад Сулаймановас бихьизабуна бесдал лъималазе, эбел-инсул тIалаб-агъазалда гьечIезе тарбия-лъайкьей, рукIа-рахъиналъе гьезие шартIал чIезари кин бугоян росабалъе зама-заманалда ине ккелилан.

Комиссиялъул данделъиялда халгьабуна 4 административияб материалалъул.

Гьоркьор лъурал суалазда тIасан къабул гьаруна дандрекьон кколел хIукмаби. Ахиралда данделъиялъул кколел хIасилал гьарун, АхIмад Сулаймановас жавабиял гIадамазе тIадкъаял къуна ва гьел тIураялъе болжал бихьизабуна.

**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГЬАЛБАЛ

# Шамил имамас 220 тIубаялде – Авар басмабазул цолъиялъул пресс-тур

### Журналистал щвана Имаматалъул хъалалъун букIараб Аргъванире

**2017 соналъул 21 октябралда Аваразул басмабазул ассоциациялъ тIобитIана Шамил имамасул цIаралда хурхарал бакIазде пресс-тур. Ассоциациялъул членал щвана Кавказалъул тIоцевесев имам шагьидлъараб ва хадув имамлъун вищизе вугев Шамил 1832 соналъул 17 октябралда хвасар гьабураб гендерил къварилъухъе, гьединго машгьураб, 1839 соналъул 3 моцIалъ дагьаб къуваталъул аскараз щулаго цIунараб АхIулгохIде. Пресс-туралъул гIахьалчагIи щвана 1839 соналъ рагъ ккараб Гумбет районалъул басрияб Аргъвани росулъе.**

Пресс-туралда гIахьаллъана Аваразул басмабазул ассоциациялъул председатель, информациялъулгун аналитическияб «Пикру» централъул нухмалъулев **МухIамадрасул ГIумаров**, «Аварпресса.ру» порталалъул ва «Гумбет» газеталъул бетIерав редактор, Россиялъул хъвадарухъабазул Союзалъул член **ХIамзат ГIизудинов**, «Цолъи» («Единство») газеталъул бетIерай редактор **ПатIимат ГьитIинова**, авар мацIалда биччалеб «Ас-салам» газеталъул редактор **ГIабдула-хIажи МухIамадов**, «Ахихъан», («Садовод») газеталъул бетIерай редактор **Саният КъебедмухIамадова**, «Миллат» газеталъул редколлегиялъул член **Ашахан Юсупов** ва цогидалги.

«Аваразул басмабазул ассоциациялъ, авар мацIалъул учительзабазул ассоциациялъгун цадахъ, кIвар кьолеб буго магIарул мацI лъазабиялде ва цебетIезабиялде. ЖамгIиял гIуцIаби ва социалиял институтал хIисабалда, нижеца цебе суал лъола школазда авар мацI малъиялъул даража борхизабизе ккеялъул. ТIоритIула слетал, гургинал столал, гIадамазулгун дандчIваял, конференциял, пресс-турал. Ахирияб заманалда цо-цо жавабчилъи гьечIел гIадамал цере рахъунел руго школазда авар мацI малъизе хIажат гьечIилан. Гьединал харбал риччай нижеца рикIкIуна халкъалъул гIемер гIасрабазулаб маданият ва мацIал тIагIинарилъун. Ниж къеркьана ва къеркьезе руго халкъазул мацI, маданият, гIадатал цIуниялъе гIоло», - ян абуна Авар басмабазул ассоциациялъул председатель МухIамадрасул ГIумаровас.



Пресс-тур тIобитIулаго, росабалъ ассоциациялъул членаз гIадамазулгун гара-чIвариял гьаруна, гьезул сунца рахIат хвезабулеб бугоян цIех-рех гьабуна.

Гьеб тадбиралъул хIасилал гьарун, рахъизе руго макъалаби МугIрузул Дагъистаналда бугеб ахIвал-хIалалъул, Кавказалъул миллияв бахIарчи имам Шамилиде ва гьесул рахъккуразде халкъияб рокьул хIакъалъулъ.

**«Гумбет» РИО**

АРАЛДА ТАМАНЧА РЕЧIЧIАНИ…

# Индиреялде сапар

### ЦIияб Данухъ росдал школалъул цIалдохъаби – Инхоса ГIали-хIажиясухъе зияраталъ

**ЦIияб Данухъ росдал школалъул 8 ва 10 классазул цIалдохъаби рачун рукIана Инхоса ГIали-хIажил ва МелъелтIаса Сулайман-дибирасул зияраталъ Хасавюрт районалъул Индирей росулъе. Лъимал щвана Сулайман-дибирасул вас СайгидахIмад-хIажихъе.**

Гьес бицана гьел кIиязулго гIумруялъул ва гьединго зияраталъ иналдалъун щолеб баракаталъул ва гьаруна цIалдохъабазе цогидалги малъа-хьваял. Щвана ГIали-хIажил заманалда букIараб мажгиталдеги, гьел кIиязулго хабаде, 8 классалъул цIалдохъан ГIалидибиров ГIабдулсамадица гьабуна хабада къулгъу.

Хадур цIалдохъаби щвана Гелбахъалда бугеб Дагъистаналде дин босун вачIарав МухIамад шайихасул ва гьесда аскIоб вукъун вугев нижер росулъа гIалим КъурбангIалилги зияраталде. Къалъудаса хадур ана Дубки росулъе, ЧикIаб хIорихъе. Лъимал разиго тIадруссана сапаралдаса.

**СагIидбег Акаев**

КЪАБУЛЕБ БУГО ЦIУМУР…

# МугIалимзабазе харж, баллазда рекъон, кьезе буго

### Школазул нухмалъулезул данделъи тIобитIана Кунзахъ школалда

**Гумбет районалъул гIаммаб лъайкьеялъул школазул нухмалъулезул данделъи тIобитIана Кунзахъ росдал школалда. Гьеб данделъиялда гIахьаллъана районалъул администрациялъул лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев Муса КъурамухIамадов, гьеб отделалъул специалистал, информациялъулгун методикияб централъул методистал, халкъияб информациялъул алатазул вакилзаби, школазул нухмалъулел.**

Семинаралъул гIахьалчагIи ана мугIалимаз дарсал кьеялъул халгьабизе. МугIалимасул профессионалияб стандарт хIалтIизабиялъул шартIазда лъайкьеялъул гIуцIабазул хIаракатчилъиялъул хIакъалъулъ доклад гьабуна Кунзахъ школалъул нухмалъулев **АсхIабгIали ХIамзатовас**. Гьес лъай-хьвай гьабуна мугIалимасул профстандарталъул нормативиялгун правовиял актазулгун.



Хадур кIалъазе рахъана районалъул лъайкьеялъул гIуцIабазул нухмалъулезул ассоциациялъул председатель, Игьали гьоркьохъеб школалъул нухмалъулев **СагIид МухIамадов**, лъайкьеялъул отделалъул информациялъулгун методикияб централъул нухмалъулев **Загьид ХIусенов**, школазул нухмалъулел **МухIамад Жамалудинов** (Гъоркь Инхо), **СагIидбег ГIузайров** (Килалъ), **ГIали ГIумархIажиев** (Ингишо). Гьез рахъккуна мугIалимасул профессионалияб стандарталъул ва бихьизабуна учителасул махщел борхиялъе, лъайкьей камиллъизабиялъе гьелъ кквербакъи гьабизе бугин. Ахиралда кIалъазе вахъарав Муса КъурамухIамадовас абуна мугIалимасул профессионалияб стандарт хIалтIизабиялде лъайкьеялъул гIуцIабаз мухIканаб хIадурлъи гьабизе, гIолеб гIелалъе гъваридаб лъай ва лъикIаб тарбия щвезелъун щивас хIаракатчилъи борхизабизе ккола.

**«Гумбет» РИО**

ЛЪИМЕР ГЬИМИЧIОНИ, ЧIУНТУЛА ДУНЯЛ

# Расандиялъул къагIидаялда

## «Бакъ» ясли-ахалда умумузул данделъи

**24 октябралда МелъелтIа «Бакъ» ясли-ахалъул залалда тIобитIана лъималазул умумузул данделъи. Гьеб рагьана ва бачана тарбиячагIи ГIайшат Жамалудиновалъ ва Асият Кокобеговалъ. Гьез умумузе кьуна кин нужеда бихьулеб жакъасеб ясли-ах, киналлъун нужеда рихьулел жакъасел лъимал, кинав вукIине кколев жакъасев нухмалъулев, кин гIуцIилеб лъималазулги, умумузулги, педагогазулги цадахъаб хIалтIи ва цогидалги суалал.**

Умумуз гьез кьурал суалазе жавабалги кьуна.

«ЦIалул соналъул байбихьи – лъималазул ахалъул, гьелъул воспитанниказул, умумузул гIумруялъул цIияб заманалда байбихьи» абураб доклад гьабуна «Бакъ» ясли-ахалъул нухмалъулей **Салимат ХIамидовалъ.** Школалде ясли-ахалдаса унеб лъимер, программаги лъазабун нухда регIизе ккола. Ниж гьелда тIад хIалтIулелги руго. Умумули лъималазда гьикъизе ккела нужеда жакъа щиб цIияб жо малъараб ва гьезда гьеб лъазабиялъе кумекги гьабизе ккела. Заняитял нижеца тIоритIула расандиялъулаб къагIидаялда. Гьел тIоритIизе нижер хIажатабщинабги буго. Нижеца кIвар кьезе буго лъималазе лъай кьеялде, гьезда гIагараб улка, гIагараб росу лъазабиялдеги, - ян абуна ХIамидовалъ.

Данделъиялда кIалъазе рахъана **Шагърузат Къурбанова, Раисат МухIамадова** ва цогидалги.

Ясли-ахалда бугеб санитарияб хIалалъул хIакъалъулъ бицана медсестра Паврузат ХIамидовалъ.

Бищана анлъго чиясдасан умузул комитетги.

**ГIайшат Исламбиева**

ВОРЕ, ЦIАЛЕ, ЦIАЛЕ, ДИР ЦIОДОР

# Информациялъул гIасруялъул тIалабал

## Гумбет районалъул библиотекабазе цIиял компьютерал щвана

**Гьал къояз Гумбет районалъул лъабго библиотекаялъе щвана компьютералъулаб цIияб оборудование.**

Районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель **АхIмад Сулаймановас** абуна интернет-сеталде библиотекаби цолъизариялъул, информациялъул технологиял гIатIид гьариялъул масъалаби хIисабалде росун, библиотекабазул хIалтIи цебетIезаби мурадалда республикаялъул бюджеталдаса гIарац биччаялъ рес кьунин гьел щвезеян. Гьеб программаялда рекъон Гумбеталда 18 библиотекалдасан 11ялда тIуран руго материалиябгун техникияб база щула гьабиялъул тадбирал.

«Росабазул библиотекаби интернет сеталде цолъизари Гумбеталда лъикI унеб буго. Росабазул гIадамазеги гьелъул пайда букIине буго централияб библиотекабазда цIунулеб информация балагьизе. Нижеца хадубккунги гьелде кIвар кьезе буго», - ян абуна районалъул бетIер **ХIажимурад МухIамадовас.**

**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСУ

# ЧIиркъатIа росу цебеги гьанжеги

> **Замана квешлъун бугин гаргадулел гIадамал,**
> **ГIадамал квешлъун ругин бицуна цойгияца.**
> **Замана квешлъун гьечIо, гIадамалги лъикI руго,**
> **Кванaзе жо гIемерлъун, гIорхъолъа рорчIун руго.**
> **(ЧIиркъатIаса Бияхъай)**

**Дун балугълъиялде вахараб заманалда, дида ракIалда буго, чIиркъдерил гIадамал рукIана кутакалда цоцалъ лъикIаб гьоркьоблъи бугел, цоцазе кумек гьабулел, адаб бугеллъун. 1965 соналда щвезегIанги кванил продуктабазул захIмалъаби лъугIун рукIинчIо. КъанагIатги вукIинчIо рукъи бачIеб тIажу ретIарав чи.**

ХIукумат цебетIунагIан гIадамазул яшав лъикIлъанагIан, цоцазе гьабулеб кумекги лъугIана, цоцазул адабги рехун тана. Доб заманалда росу свердухъ ругел ахал малъичIого, мугIрузда бекьулеб ракьалъул букIана 100 гектар. Гьанже цо сотихцин бекьуларо гьеб ракьалъул. Бекьулеб ракь бугел мугIрузде буго 12 км. лъелго ине, машинаялда ине 50 км. Гьеб манзилалъ магIардеги ун ракьал кир гурин рекьулел, росулъ жанир ругелцин ахал чIунтизе тун руго гIемерисеца.

Дагъистаналда бищун цIибил гьуинаб бакI буго Генуб росу, гьелдаса хадуб цIибилги гьуинаб цойгидаб пихъги лъикIаб бакI буго ЧIиркъатIа. Колхоз бугеб мехалъ 18-20 тонна бакIарулаан Доргъоло абулеб магъилъа, гьанже цо хьоцин цIолбол бижуларо гьеб магъилъ. Хурзал рекьунгутIиялъеги ахал чIунтизе теялъеги гIилла буго хIукуматалъ гIадамал хIалтIилеб хIал тун гьечIолъи. Доб мугIрузда хурзалги рекьулеб, ахалги гIезарулеб мехалда хIалтIуда гьечIезе гIарац кьолароан. Субсидия, лъимадуе хъулухъ гьабун, коммуналияб, инвалидлъи – гьединал цIаралги лъун кьолеб гIарац букIинчIо. Гьединаб гIарац щолеб мехалъ, гьанже гIадамал щибизеха хIалтIилел.

ЧIиркъдерил басрияб росулъ ругел гIадамазе кутакаб захIмалъи букIана. РагIи-херги, цIулги, цогидаб къваригIарабги хIамуца баччизе кколаан. Гьанже росулъ киналго къватIазда бетонги тIун, мотоцикалъ баччула. КъватIазда бетон тIезе жидерго буголъиялдаса кумек гьабуна ГIабдулкарим ГIусмановас, ГIалил вас КъурахIмица, КъумахIажил вас Шамилица, ПатIил ГIалил Лабазаница.

РехсечIого гIоларо гьадинаб хIужаги. ЛъикIалги квешалги гIадамал щибаб росулъ рукIуна. ЧIиркъдерие бищун бокьулеб жо буго нухарегIан къан, жидерго азбарги хурги кIодо гьаби. ГIадатлъун лъугьун буго ЧIиркъатIа гьеб иш. ЦохIо МалахIма гурони ЧIиркъатIа росулъ нух гIатIилъизе нахъегIан къан къед гьабурав чи ккечIо. Дида ракIалде ккола гьаб дица хъвараб макъалаялъги гIей гьабилин чIикъдерие лъикIаб гьабизеги, квешаб тезеги, гьезие бокьани.

**МухIамадгIалил вас Бияхъай**

ЛИКБЕЗ НАЛОГОПЛАТЕЛЬЩИКА

# Право на налоговую льготу

## До 1 ноября 2017 года физические лица могут направить уведомление об объекте недвижимости, на который предоставляется налоговая льгота

**Если у налогоплательщика-физического лица, имеющего право на налоговую льготу, находится в собственности несколько объектов недвижимости одного вида (два жилых дома; квартира и комната; гараж и три машино-места и т.п.), то для освобождения от уплаты налога на имущество, он может подать Уведомление о выбранных объектах, по которым предоставляется льгота.**

Уведомление согласно п. 7 ст. 407 Налогового кодекса РФ, можно подать в любой налоговый орган или направить через «Личный кабинет налогоплательщика» до 1 ноября года, являющегося налоговом периодом, за который применяется налоговая льгота.

Форма Уведомления размещена на сайте ФНС России (утверждена приказом ФНС России от 13.07.2015 г. № ММВ-7-11/280@).

Если налогоплательщик не подаст Уведомление, то налоговая льгота будет предоставлена ему по одному объекту налогообложения каждого вида с максимальной суммой налога.

Например, если пенсионер в 2017 году стал собственником двух квартир и до 1 ноября не направил Уведомление, то при расчете налога за 2017 год налоговый орган предоставит льготу на квартиру с наибольшей суммой налога, а за другую - необходимо будет заплатить налог.

Дополнительные налоговые льготы, в том числе освобождающие от уплаты налога собственников недвижимости независимо от количества объектов, могут устанавливаться нормативными актами представительных органов муниципальных образований (законами городов Москвы, Санкт- Петербурга и Севастополя).

С перечнем налоговых льгот, действующих в муниципальных образованиях, можно ознакомиться с помощью сервиса «Справочная информация о ставках и льготах по имущественным налогам».

**М. Набиев,**
**начальник межрайонной инспекции ФНС России № 12 по Республике Дагестан, советник государственной гражданской службы РФ 1 класса**

ВРЕМЕНА И ДОРОГИ

# Оперативно-профилактическая операция «Ремень безопасности»

**Согласно приказу МВД по РД №1532 от 20.10.2017 года, на территории Гумбетовского района проводится оперативно-профилактическая операция «Ремень безопасности» с 25.10.2017 г. по 15.11.2017 года.**

Данная операция направлена на снижение тяжести последствий при аварийности, на выявление и устранение нарушений правил перевозки пассажиров, в том числе перевозки детей без специальных удерживающих устройств.

Водителям необходимо знать, что надевая ремень безопасности вы можете сохранить жизнь и здоровье при ДТП. Также нельзя допускать нарушения правил перевозки пассажиров, в том числе перевозки детей без специальных удерживающих устройств, ибо в ваших руках жизнь и здоровье граждан.

За анализируемый период в рамках данной операции ОГИБДД ОМВД РФ по Гумбетовскому району составлено 16 административных протоколов по ст. 12.6 КоАП РФ (управление ТС водителем, не пристегнутым ремнем безопасности, перевозка непристегнутых пассажиров, управление мотоциклом, перевозка пассажиров без мотошлемов или в незастегнутых мотошлемах).

Данная операция продлится до 20.11.2017 года.

**Ахмедбег Загидов,**
**врио начальника ОГИБДД ОМВД по Гумбетовскому району, старший лейтенант полиции**

БетIерав редактор ХIамзат ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияб секретарь Къурмагъиз ХIадисова
Корреспондентал: ГIайшат Исламбиева, Исрапил Заирбегов
Фотомухбир: Гебек Гебеков
телефон: 26-404

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр IIоцевесесул кватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гьоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1352
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.